Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 2 (9797) /21 январь 2019 с. / итни 16 Джумадуль-авваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

# Работы идут полным ходом



В связи с выявленными (со 2 января по 10 января) случаями заболеваемости острой кишечной инфекцией жителей в с. Ленинаул (об этом газета **«Чапар»** №1, от 14.01.2019г информировала читателей), там полным ходом идут работы по устранению инфекции и профилактике заболеваемости населения. По результатам лабораторных исследований специалистами установлен водный источник заражения населения.

По состоянию на 11 января, зарегистрировано 72 случая заболевания с клиникой ОКИ, в том числе, 54 несовершеннолетних. За все время госпитализировано в инфекционное отделение ЦРБ 17 больных, из них 11 детей. Остальные получают лечение амбулаторно.

Проводятся дезинфекционные работы внутрисельской сети водоснабжения. Выявленные места протечки сельской водопроводной линии отремонтированы, чем обеспечено препятствие дальнейшему проникновению инфекции в водопроводную сеть. Дезинфекция сетей, резервуаров и колодцев населения производится под контролем специалистов Минстроя, ЖКХ РД и МЧС по РД.

В ходе подворных обходов, организованных администрацией района совместно с медработниками, сотрудниками ОМВД и общественниками в Ленинауле выявлено 1200 частных колодцев. Подворными обходами уже охвачено 2 тыс.100 дворов с населением 9 тыс.220 человек. Жители села (через социальные сети) предупреждены о проводимых профилактических мероприятиях. Для обеспечения населения чистой водой по селу разъезжают 8 водовозов, которые прошли предварительную проверку. Вода доставляется из г. Хасавюрт.

Администрация района перечислила АСП **«Село Ленинаул»** из резервного фонда по предупреждению и ликвидации ЧС 150 тыс. рублей на проведение первоочередных мероприятий по ликвидации очага ОКИ.

Вместе с тем, все дети, а также переболевшие и контактировавшие с ними взрослые граждане получают профилактические прививки против гепатита А. Уже привито более 300 детей, всего планируется привить порядка 3 тысяч человек.

Глава района Гаджимурад Мусаев отмечает, что сегодня первоочередная задача – устранить заражение в водопроводной сети, а также не допустить дальнейшее распространение инфекции контактным путем. Для этого власти района используют все имеющиеся силы и средства. **«Большую поддержку мы получаем в этой кризисной ситуации со стороны республиканского руководства и республиканских структур. С первого дня создания инфекционного штаба с нами работают специалисты Минздрава РД, МЧС по РД и республиканского**



**Роспотребнадзора. Вчера к работе подключилось Министерство строительства и ЖКХ республики, при поддержке которых сегодня проводится дезинфекция»**, - подчеркнул Мусаев.

**2.**

12 января в с.Ленинаул на выездном заседании оперативного штаба по локализации и ликвидации очага острой кишечной инфекции, которое прошло под председательством главы района Гаджимурада Мусаева, подвели первые итоги работы.

Руководитель муниципалитета констатировал исполнение основных поставленных задач: выделены деньги из резервного фонда, проверена целостность водопроводной сети селения, проведен ремонт мест утечки, проведены подворные обходы, закуплены и розданы населению дезинфицирующие таблетки и дезинфекционные материалы. Проведена разъяснительная работа среди населения, на сходах и в мечетях население информировано о складывающейся обстановке в селе. Кроме того, люди получают актуальную информацию на официальных страницах главы и администрации района в социальных сетях.

Продолжается вакцинация детей. От гепатита А привито 1062 человека, еще 132 от дизентерии. Вакцинация продолжится вплоть до полного охвата всего контингента детей. Дезинфицирующими средствами обеспечены школы и детсады, которые закрыты на карантин до подачи воды в водопроводные сети.

Главный итог в том, что на сегодняшний день не зафиксировано новых случаев заболеваемости. Находящиеся в стационаре больные получают полноценное лечение и чувствуют себя хорошо. Проведен огромный объем работы по дезинфекции водопроводной сети, обеззараживанию колодцев и опустошению выгребных наружных санузлов на придомовых территориях. После проведенных работ по дезинфекции, специалисты Роспотребнадзора отобрали новые пробы воды. Подача воды населению через водопроводные сети будет возобновлена, как только будут известны результаты лабораторных исследований. В настоящее время подвоз питьевой воды осуществляется водовозами.

Продолжаются повторные подворные обходы по экстренной профилактике.

В селе организована работа по уборке улиц и очистке ливневых канализаций. Руководству села предписано, в случае возникновения нештатных чрезвычайных ситуаций, информировать руководителя оперативного штаба через оперативного дежурного Единой дежурно-диспетчерской службы района.

ОМВД России по нашему району рекомендовано продолжить работу участковых уполномоченных полиции совместно с работниками ЦРБ, МЧС по вопросу профилактических бесед с населением, а также обеспечить регулирование движения автотранспорта по подвозу питьевой воды из г.Хасавюрт.

Гаджимурад Мусаев поблагодарил всех за организованную и эффективную работу по локализации и устранению очага болезни, отметив при этом, что нельзя останавливаться на достигнутом. Необходимо обеспечить полное исполнение плана оперативных мероприятий и работать на недопущение подобных ситуаций в других населенных пунктах.

*Пресслужба.*

# В связи с ситуацией в с. Ленинаул...

11 января 2019 года, для ознакомления со сложившейся ситуацией по групповой заболеваемости граждан с. Ленинаул острой кишечной инфекцией, депутат Народного Собрания Республики Дагестан М.-п.(К-п).Д. Умаханов, с депутатом районного Собрания Умаром Салмановым, посетил Ленинаульскую участковую больницу.

При встрече были обсуждены причины групповой заболеваемости и способы решения проблемы, а также возможные способы предотвращения повторных случаев заболевания. По выводам специалистов Роспотребнадзора, причиной массового отравления жителей села Ленинаул стала загрязненная питьевая вода, которая подается по старому и изношенному водопроводу.



Как отметил депутат, вопрос по обеспечению нормального водоснабжения всех сел района должен находится в зоне повышенного внимания руководства республики, руководства и депутатов всех уровней района, а для дальнейшего предотвращения аналогичных случаев, необходимо разработать мероприятия по замене старых и изношенных водопроводов по всем селам района, с устройством пунктов обеззараживания и соблюдением санитарно-гигиенических норм и требований.

В сопровождении главного врача больницы Шамсудина Жамалдинова, заместителя главного врача ЦРБ Рашида Амиева, парламентарий посетил больных в стационаре и пожелал им скорейшего выздоровления.

В дальнейшем был проведен обход помещений и врачебных кабинетов, где особое внимание было обращено на их водоснабжение, электроснабжение, газоснабжение и пожарную безопасность.

По словам Шамсудина Жамалдинова все строительные работы по дальнейшему расширению больницы в данное время проведены и проводятся за счет средств, собранных на благотворительные цели, а основная часть мебели и бытовой техники –тоже благотворительная помощь.

Озвучена проблема отсутствия аппарата УЗИ, компьютерной техники и строительного материала. Парламентарий на второй день прислал два новых сидячих унитаза для мужского и женского санузлов, обещал решить проблему с компьютерами, а по вопросу аппарата УЗИ он письменно обратился к главе республики В.А. Васильеву и министру здравоохранения Джамалдину Алиевичу с просьбой о выделении этого аппарата участковой больнице.



Ранее по проблемам отсутствия диагностической аппаратуры обратились представители джамаата, и по обращению депутата Мухтарпаши Умаханова, руководство АО **«Черномортранснефть»** выделило на приобретение необходимой для больницы аппаратуры 985 тысяч рублей, и до конца января больница получит следующую аппаратуру: анализатор биохимический, электрокардиографы стационарный и мобильный, микроскоп биологический, комплексы суточного мониторирования, концентратор кислорода.

В конце встречи главный врач Шамсудин Жамалдинов пожелал депутату здоровья и успехов в работе.

**«Моя основная задача, как мусульманина и депутата, это, в силу своих возможностей, помочь больным и нуждающимся в помощи»** сказал М.-п.(К-п).Д. Умаханов.

*С. АЛТУМИРЗАЕВ, помощник депутата.*

*Никто не забыт, ничто не забыто*

# 27 января-день снятия блокады Ленинграда



Наш народ знает, что блокада г.Ленинград (ныне Санкт-Петербург) началась 8 сентября 1941 года. Советские войска неоднократно пытались прорвать кольцо блокады, но добились этого только в январе 1943 года. Полностью блокада была ликвидирована лишь 27 января 1944 года. Почти 900 дней городбыл в блокаде. От голода, холода и болезней в городе умерли до 1млн человек. Ничто не сломило ленинградцев и войска, они не отдали город врагу. Героическая оборона Ленинграда стала символом мужества Советского народа. Сотни тысяч сражавшихся удостоились правительственных наград, 486 получили звание Героя Советского союза, из них 8 чел.-дважды.

26.01.1945г. город был награжден орденом Ленина, а с 1 мая того же года, он город - герой. 8 мая 1965 года городу была вручена медаль **«Золотая звезда».**

***Редколлегия.***

*РекIел ахIи*

# Нилъедего цIачIони, цIахаялъ хинлъуларо

Буртунай росулъа захIматалъул ветеран Малачиев Сайгидрасулица гьаб соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIалие хъван буго 5-го **«Чапар»** газета. Жиндиегоги цогидал гIага-гIунтIаразеги.

Дубки посёлокалъул администрациялъул бетIер Абакаров ГIайнудиницаги, жиндирго харжалдалъун, хъван буго, гьенир яшав гьабун ругел пенсионеразе ,20 газета. Дилим росдал поликлиникаялъе нухмалъулей Шагьарзат Юсуповалъги, жиндирго харжалдалъун, гьеб идараялъул хIалтIухъабазе 10 газета хъван буго.

Гертма, ГIаркьухъ, Гъозтала, Буртунай, ИчкIа росабазул школазул, Дилим росдал лицеялъул, гимназиялъул, Ленинаул росдал №2 гьоркьохъеб школалъул мугIалимзабазги, Гертма, Калининаул, Буртунай, ИчкIа росабазул лъималазул ахазул тарбиячагIазги 100 проценталъ тIубан буго газета хъваялъул план, ай, щивав мугIалимасе цо газета хIисабалда.

Гьаниб, чара гьечIого,рехсезе бегьула ОВДялъул, райадминистрациялъул, культураялъул хIалтIухъабазул цIаралги. Гьелги руго кидаго **«Чапар»** газета хъваялъул рахъалъ цебесеб кьерда.

БукIани щиб, республикаялъул цогидал районазде данде ккун, нилъер гIагараб **«Чапар»** газеталъул тираж цIакъго гIодобегIан ккараб буго.Ахириял соназ гьелъул тираж 1500-ялдаса тIаде унеб гьечIо.Росабазул захIматхалкъ жинде балагьулеб матIулъун кколеб интеллигенциялъцин квер хьвагIун толеб буго - пачалихъалъул политика,улкаялда ккарал лъугьа-бахъинал халкъалъе загьир гьабулеб газета хъваялъул иш.

**«Рахъа тIаде!»**- ян ахIарабго тIадеги рахъун, **«Ура!»** - ян ахIулаго церехун ине кколел- мугIалимзабиги, тохтурзабиги, тIолабго интелегенцияги, нахъегIанги къан, гIарцул гурони ургъелги гьабичIого, руцIун чIей рекъон букIунаро.

**«Районалъул газета щибаб рукъобе!»**-ян ахIи бала нижеца подписка гьабиялъул компаниязда.Бани щиб, хIасил добго кколеб мехалда. ГIезегIанго къадар хIалтIухъабазул ругел идарабазда анцIгоцин газета хъвалеб гьечIо. Гьеб нужеца хъвайин цого-цо редакциялъул хIалтIухъабаз гурони абулебги гьечIо. Почтабазул отделениябазул хIалтIухъабазулги гIадат буго централиялгун республикаялъул газетал хъвазарулеб ва **«Чапар»** рак1азулъ кколеб.

Буртунаялдаса 3 классалъул гурони лъайги гьечIев, канлъукълъиялъул рахъалъ тIоцебесеб группаялъул инвалид ХIайбулаев Батигерее, цо чанго сон цебеккун, подписка гьабун бугоан **«Российская газета», «Дагправда», «Пенсионер Дагестана»** газетазе. Гордуда гьезул гох1ги гьабун,парахаталда гьевги вугоан.

Гьелде тIадеги, цо-цо почтабазул хIалтIухъабаз заманалда подписчиказухъе газета щвезабулеб гьечIо.Гьезда лъалеб гьечIо щибаб газеталъул багьаялдаса 60% гIарцул жидее харжалъе кьолеб букIин. Бегьуладай гьедин? ТIоцебесеб иргаялда, нилъ нилъеего гуродай рокьизе кколел. Хадусан гурищ цогиязул ургъел гьабизе кколеб?

**«Нилъедего цIачIони, цIахаялъ хинлъуларо»,-**ян аби буго умумузул. Гьединлъидал, рачIа нилъецаги дагьалъниги цIаха нилъедего цIазин ва тIадехун цIарал рехсарал гьалмагъзабаздасан мисал босизин.

***М.ГI. ЧУПАЛАЕВ.***

*Казбекалъул школазе - 90 сон!*

# Нилъер тарихалдаса

1917 соналъ, инкъилаб ккун хадусан, хIукуматалъ байбихьана бакIалда жидерго власть ч1езабизе ва цадахъго лъайкьеялъулгун медицинаялъул идараби гIуцIиялъул суалалги рукIалиде ккезаризе. Гьел суалал цIакъго хадур рехъерхъана цIияб пачалихъалде данде къеркьолел гIадамал гIемерал рукIиналъ. Гражданияб рагъ лъугIаниги ва Советияб пачалихъ щулалъанин абуниги, цIияб гIуцIи дагьалъ халат бахъана.

Казбек район 1930 соналъул 25 декабралда гIуцIараблъун рикIкIунеб бугониги, хIакъикъаталда гьеб гьелда цересел соназ букIана Терскияб областалъул Хасавюрт рахъалъул 4аб. участоклъун, хадуб подрайонлъун.

Гьеб заманалда захIматго гIуцIана нилъер районалда лъайкьеялъул мактабал, изба читальняби, сахлъицIуниялъул идараби (азарханал).

Дилим росулъ тIоцебесеб школа рагьун батани 1914 соналъ, районалъул цогидал росабалъ гьел рагьана 1928-1929 соназ. Архивалъул баяназда рекъон (ф. р-643,оп.5, у.-х 1, №3), гъоркьехун кьолеб буго дол соназ школал рагьарал росаби, гьенир рук1арал муг1алимзабазулгун ц1алдохъабазул къадар ва школазе нухмалъи гьабулел рук1аразул таблица:

| № | Росу | МугIалимзабазул къадар | ЦIалдохъабазул къадар | Мудир (Мактабалъе, школалъе нухмалъулев) |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Ахъташ-гIавухъ (Ленинаул) | 1 | 45 | Жантемиров Исмаил |
| 2. | Алмахъ | 1 | 34 | Абакаров МухIамадхан |
| 3. | ГIаркьухъ | 1 | 11 | Муталимов М. |
| 4. | Буртунай | 1 | 35 | Абакаров ГIусман |
| 5. | Гертма | 1 | 32 | Адильгереев ХIамид |
| 6. | Гъостала | 1 | 17 | МухIамадов Асирдин |
| 7. | Гуни | 1 | 40 | Ханбутаев Жамалдин |
| 8. | Дилим | 2 | 84 | АхIмадов ГIабдулкерим |
| 9. | ЦIобокь | 1 | 54 | Жанбулатов ХIажи |
| 10. | Ихха | 1 | 13 | Мухтаралиев МухIамад |
| 11. | ИчкIа | 1 | 28 | Жанбулатов Мурадис |
| 12. | Миякьо | 1 | 34 | Казуев Багьавдин |
| 13. | Хубар | 2 | 63 | Шахбанов МухIамад-Амин |
| 14. | Юрт-ГIавухъ (Калининаул) | 2 | 68 | - |

Гьелдаго цадахъ, район гIуцIилелде цебе ва гьеб гIуцIун хадусан хIалтIулел рукIана ликбезал (ликвидация безграмотности), гIуцIабазул изба читальняби. Гьел гIуцIун рукIана: Дилималда -нухмалъи гьабулев ХIажиев Мазгьар, Хубаралда - бихьиназе малъа - хъвай гьабулев Арсланбеков Иба, руччабазе- Къоркъмасов Юнус, Алмахъалда - ХIалимав ва Ибрагьимов ХIажи, ЦIобокь - Шахманов МухIамадамин, Гуниялда - АхIмадов ГIабдукарин, Миякьо - МухIамадзагьиров, Абакаров, Буртунаялда- бихьиназда малъулев ТIалхIат ва руччабазде - ХIажиев ГIизудин. Киналниги школазда гьез малъа – хъваял гьарулел рукIана 2705 чиясда.

***Дир пикруялда, лъикIаб букIинаан 2019 сон районалда школал гIуцIаралдаса 90 сон тIубараб сонлъун букIин хIисабалдеги босун, гьаб сон школазул сонлъун лъазабуни, ва гIуцIун хасаб плангун, гьеб тарих кIодо гьабиялъе росабалъ батIи-батIиял тадбирал тIоритIани.***

Нилъер районалъул буго бечедаб тарих. Гьединаблъун гьеб букIиналъе квербакъана нилъер гIадамаз. Гьел ккола нилъер аслияб бечелъи. Гьезда гьоркьор руго цIар рагIарал гIалимзаби, мугIалимзаби, тохтурзаби, офицерал, спортсменал, жамгIиял хIаракатчагIи ва гь.ц.

КIочене бегьуларо, гIумруялъул нухде тIоцебесеб гали гьез тIамиялъе квербакъараблъи школалъ.

***МухIамад-апанди ДАДАЕВ, Дилим росу.***

*РекIел ахIи*

# Чадил елка



***Дол нилъер умумуца,***
***ГIетI тIун гIезе гьабураб,***
***ТIощалил бежараб чед,***
***Дур къимат ккун бугеб бакI.***

***Чадил ричIчIиялдацин,***
***МацI бахъулел рукIарал,***
***Дол рагъул, ракъул сонал,***
***Жакъа кIочон тун руго.***



Тукабазда чед багьа гьабиялда тIасан гIадамазул г1арзал раккана. Пенсиялде тIаде дагьал гъурщал журанин абун, тукенчагIаз жидерго къайи багьалъизабиялъ, гIумру гьабизе захIмалъулеб бугилан зигардулел руго хараби. Гьебни бицунги хъванги ругьунаб жо бугин телаан, Новгород шагьаралда ЦIияб соналде чадил батоназул ёлка гьабун бугин рагIараб мехалъ ракIалде ккана дунялалъул иш ккун бугеб бакI бихьулищан. Чед къабихI гьаби кколарищ гьебищан? ГIемерисез гьедин рикIкIунебги буго. РакIалде рачIуна дол Советиял соназ «**Чед киналъулго бетIер», «ЦIуне чед», «Чед нилъер бечелъи»**, абун хъварал игIланал. Гьеб ёлка гьабурал **«махщелчагIаз»** щай пикру гьабичIеб доба Африкаялда, ракъун, нух-нухазда гIодор ккун, холел ругел лъималазул? Щай кIочон тараб Ленинградалъул блокада? Ракъиялъ хваразул гьан кванаялде ккун рукIарал гIадамал?

Новгородалъул чадил комбинаталъул хIалтIухъабаз гьабураб гьеб нахъегIанаб иш сурукъаблъун бихьизабизе ккола гIолеб гIелалда. Гьеб ракIгъеялъе, берцинлъиялъе гьабураб батаниги гьеб бит1араблъун гьечIеблъи бичIчIизабизе тIадаб буго нилъеда - чIахIиязда.

БетIергьанас гьарзаго жиб кьунилан,бегьилищ чед къабих1 гьабизе ва балъаргъизе?

Аллагьас бихьугеги нилъедаги нилъер наслабаздаги чед гьеч1еб заман. Багьалъаниги камугеги гьеб нилъер столаздаса.

***ХI. КАРИМОВА.***

*Инсан ва гIумру*

# ЦIаралъеги реццалъеги мустахIикъал



**Аги МухIамадович Агиев** гьавуна 1961 соналъ Дилим росулъ рекьарухъабазул хъизаналда.

1979 соналъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридическияб факультеталде.

1984 соналъ гьев хIалтIизе лъугьана райПОялъул юристлъун, хадув- налогазул инспекциялъул бетIерав инспекторлъун.

Агил эмен, жиндир мунагьал чураяв, МухIамад, гIемерал соназ хIалтIана Дилим росдал **«Киров»** колхозалда механизаторлъун. Пачалихъалъе, ракIбацIц1адго, гьабураб хъулухъалъухъ МухIамад мустахIикълъана кIиабилеб даражаялъул **«ЗахIматалъул рецц»** орденалъе, гIемерал ХIурматалъул грамотабазе ва къиматал сайгъатазе.

Гьесул лъади Умижатие щвана «**БахIарчияй эбел»** абураб меседил медаль. Гьей ккола захIматалъул ветеран. Умижат хIалтIана колхозалда, культураялъул Рукъой, гьелъул сурат камулароан ХIурматалъул хъорщодаса. МухIамадицаги Умижатицаги гIезабуна 11 лъимер. Кинаб хIалтIи тIадкъаниги, гьелъ гьеб тIубазабуна, ракIбацIадго, лъицаго гIайиб чIвалареб къагIидаялда. Жакъаги жинца эбелалъул борч мухIканго тIубалейлъун лъала Умижат росуцоязда.

ЗахIмат бокьулеллъун, гIадамазул адаб-хIурмат гьабулеллъун,гьабулеб ишалъулъ жавабчилъи цIикIкIараллъун лъугьана МухIамадилги Умижатилги лъимал. Гьезул цоявлъун ккола Аги.

Пачалихъалъул жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIуда вугеб 35-ялде гIагарарал соназ Агица живго вихьизавуна лъикIаб рахъалдасан. ГIисиназе эменлъиги чIахIиязе вацлъиги гьабун бажарулев, гьимун гурони лъидаго кIалъаларев, лъикIав инсан вугин гьеван абизе бегьула.

Лъади Басиратгун Агица, умумуздаса лъикIаб мисалги босун, тарбия кьун, гIезаруна лъабго вас: Юсуп, Артур ва МухIамад. ЧIахIиязул адабги гIисиназул хIурматги гьабулеллъун, жидеца тIаса бищараб махщалидехун жавабчилъи ц1ик1к1араллъун лъала г1адамазда гьелги.

Эбел-инсул лъакIдасан унеб, цIаралъеги реццалъеги мустахIикъаб хъизан буго Агиевазул. Гьанжеялдаса хадуб жеги лъикI хIалтIизе ва халкъалъул мурадал тIуразеги сахлъиги талихIаб гIумруги кьеги гьезие Аллагьас.

*М. ЧУПАЛАЕВ..*

# ХIукуматалъул политикаялъул къурбанал

Лъалеб букIахъе, Гъуниб кверде босиялдалъун ва имам Шамиль асир гьавиялдалъун Дагъистаналъул халкъ Россиялъул пачаясе мутIигIаблъун лъугьун букIинчIо. Гьеб бихьизабуна 1877-1878 соназ букIараб пачаясде дандчIеялъги. Халат бахъараб заманалъ букIинчIониги, гьеб дандечIеялъ Дагъистаналъул халкъалъе гIемераб зарал гьабуна.

РухIана росаби, чIвана ва Россиялъул рахъ-рахъазде ритIана гIезегIанал гIадамал. Гьединазде гьоркьобе ккана Гъуниб районалъул Сугъралъа ХIажиев ШейхисламхIажил хъизанги. Живго гьев Андрейаулалде витIаниги,гьесул вацал: Эмендада, ХIамзат, Сулай,Юсуп ва Г1умар, яц Нуцалайгун цадахъ, Дилималде ритIула.

19 гIасруялъул ахиралда, цIалarav чи вукIин хIисабалдеги босун, ШейхисламхIажи росдал дибирлъун вищула. 1907 соналъ, гьалмагъзабазул къокъагун, гьев Маккаялде уна. ХIежги тIубан, гьев Мадинаялде уна ва имам Шамилил хобалде зияраталъ щола. Шамилил зонода гIажамалъ хъван букIуна: **«Гьаб буго Шамилил хоб, Аллагьасул нухда капурзабазул квешаб, пасатаб къавмгун жив вагьулев вукIарав. Гьесул черхалда батана 25 ругъун. Гьаб буго жив Аллагь лъалев макъамалде вахарав, Аллагьасул нухда 25 соналъ вагьарав, тIадегIанаб къадру бугев, гIелмуялда гIамал рекъарав имам, шейх Шамиль вукъараб бакI. Аллагьас гьесулги, гьесул эбел - инсулги, гьаб хобалде зиярат гьабуразулги мунагьал чураги 1287 сон 24 ЗулькъагIида»**,-ян.

ТIадруссунаго, какал разе, хIухь бахъизе ва кваназе чIараб бакIалда ШейхисламхIажил дугъ хутIула. Гьелда хадув арав гьев кватIидал, гьевгун рукIарал тIадруссун руго. ГIасиял гIарабияз, ботIрода жоги кьабун, гьев гIодов ккезавун ватула, цадахъ рукIаразул биценалда рекъон, цо бакIалдасан гьесул гIадалнахцин бихьулеб букIун буго. КъотIи ккола, гьесда цадахъ Иххаса хIажичиги тун, цогиял гIагараб ракьалде тIадруссине. ГIагарда букIараб росулъа цо туркас гьев кIиявго рукъоре рачуна ва ШейхисламхIажи сахлъизегIан гьел хьихьула. 1913 соналъ ШейхисламхIажи росдал дибирлъун- тIамула.

Хадусан пачалихъалда хIуригат бахъула ва Советияб власть гIуцIула. Гражданияб рагъалъ чIунтизабураб магIишат **«хIатIазда»** чIезабиялда ва цебетIезабиялда тIад хIалтIулел большевиказ гIуцIула батIи-батIиял кооперативал, артелал ва гь.ц., хадусан-колхозал.

Гьай-гьай, гьел гIуцIиялде данде къеркьолел гIадамал рукIана,амма гьеб къеркьеялъул **«гьакибералъукье»** ккана щибниги гIайиб гьечIел гIадамалги. Гьеб нилъее бицуна ШейхисламхIажил къисматалъ.

1937 соналъ рагьараб уголовнияб делоялда цо нугIас бицунеб буго: **«Дилималда буго 8 чиясдасан гIуцIараб къокъа,гьелъул бетIерлъунги ШейхисламхIажи ккола. Гьел руго гIараб гIелму лъалел,Советияб власталъул политикаялде данде чIарал гIадамал. Гьелъ хIалтIизе толел гьечIин, мажгитал къалел, цIикIкIарал налогал тIад лъолел ругин, колхозалдаса тIощел босизе хIарамаб бугин агитация гьабула гьез. ШейхисламхIажида цере батракал хIалтIулел рукIана, гьелдалъун гьесул магIишатги цебетIураблъун букIана.**

**Гьединго, гьес гIадамал ахIулел руго Шавданалда чIараб ХIамзалатовазул банда хьихьизе, жинцаго 5-6 соналъ бандазул эбел хьихьана»**,-ян.

Дело тIад гьабураб гьеб къокъаялда гьоркьор рехсон руго- Хажак Генжабаев (1887 соналъ гьавурав), Мусалав Жанмирзаев (1868с.), Мамайхан АрсланггIалиев(1873с.) ва Шарапудин Темиев(1877с.)

Сурав босулелъул(1937 соналъул 22 август) ШейхисламхIажица бицун буго: **«Дун Маккаялде ана 1907 соналъ.Гьениве инегIанги тIадвуссун хадувги дун хIалтIана росдал дибирлъун. Дир киданиги батракал рукIинчIо,пачалихъалъул политикаялде данде къеркьеялъе дица къокъа гIуцIичIо, колхозалде лъугьунгеян лъиданиги абичIо ва заёмал хъвалелъулъ гIахьаллъана»,-**ян. Репрессиялде ккаразул цIикIкIунисезда гIунтIизабулеб гIайиб букIана-бандазе кумек гьаби, колхозал гIуцIиялде данде къеркьей,къокъгьабун абуни,пачалихъалда билъанхъизабулеб политикаялде дандечIей.

1937 соналъул 9 октябралда гьабураб хIукмуялда рекъон, ШейхисламхIажи ХIажиевги Герехан Насибовги чIвала, хутIарал 10 соналъ туснахъалъур тIамула.

Дилим росулъа Халид МухIамадовас бицана: **«1937 соналъ дир 7 сон букIана. Цебесеб мажгиталъухъ гIадамал ракIарун рихьидал, дун гьениве ана. Гьенир чIун ругоан машинабигун НКВДялъул IалтIухъаби. Гьенив гIагарав чи вихьидал,дун гьесда аскIове ана. ШейхисламхIажица, дун кодовеги восун, дида гьениса нахъе айин абуна. Росдал гIадамал рачун унелгун къо-мех лъикI гьабизе риччалел рукIинчIо»,-**ян.

Репрессиялде гIадамал ккеялъе нугIлъи гьабуразулги батIи-батIияб къисмат ккана. Гьезул цоял хвана, цогиял,араб бакI лъачIого,тIагIана. Гьезда гьоркьор рукIана, хIинкъизеги гьарун, нугIлъи гьабизе жал тIамунин абулелги. Кин букIун батаниги,гьез цIидасан гьабулеб цIех-рехалда,тIадехун рехсараб къокъаялъ хIукуматалде дандечIеялъулъ гIахьаллъи гьабиялъул жидеда щибниги лъаларилан абун буго. Хадусан пачалихъалда ккарал хиса-басияз рес кьуна архивалъул материалазде раккизе. Репрессиялде ккаразул къисмат цIехарав прокуратураялъул хIалтIухъан Рауф ХIажиевасухъе бачIуна гьадинаб жаваб: **«Дур кIудияв эмен ШейхисламхIажи ХIажиев (1851 соналъ гьавурав) Советияб власталде,партиялъул ва хIукуматалъул политикаялде данде агитация гьабунинги абун, 1937 соналъул 28 июлалда жанив тIамула ва, Дагъистаналъул НКВДялъул тройкаялъул хIукмуялда рекъон (1937 соналъул 9 октябралда), гьев чIвазе хIукму къотIула. Гьеб тIубазабуна 1937 соналъул 6 декабралда»**,-ян.

Гьев вукъараб бакI лъаларо.Дагъистаналъул Верховный судалъ (1956 соналъул 14 маялда)тройкаялъул хIукму мекъаблъун рикIкIана ва ШейхисламхIажида тIаса гIайиб рехана.

*Эсенай ИДРИСОВ, Дилим росу.*

*Ленинградалъул блокада бахъаралдаса -75 сон*

# Г1ажаибаб къисмат

27 январалда к1одо гьабула фашистазул аскаразул сверункквеялдаса Ленинград эркен гьабиялъул къо. 900 сордо- къоялъ, къват1ибе-жанибе х1инч1цин боржинаредухъ, горт1амун сверун ккун бук1ана улкаялъул севериияб тахшагьар. Амма советиял аскаразда ратана гьединал шарт1аздаги сверун ккураб шагьаралъулгун бухьен гьабизе ресал.

Бат1и -бат1иял баяназда рекъон, сверункквеялъул заманалда хвана 1,5 миллионалде г1агарун чи. 1946 соналъ Нюрнбергалда фашистазул г1ашт1ичаг1азда т!ад гьабураб халкъазда гьоркьосеб судалда бихьизабуна гьезул г1иц1го 3 % бомбаби ва г1арадаби раялъул х1асилалда хванилан, хут1араб 97 % г1адамазул ракъуца хваниланги.

Улкаялъул киналго бак1аздаса г1адамазго г!адин, дагъистаниязги г1ахьаллъи гьабуна Ленинград эркен гьабиялъе г!оло гьарулел рагъазулъ. Совет Союзалъул Бах!арчи Юсуп Акаевасе гьеб т1адег!анаб ц!ар щвана Ленинградалъе г1оло гьарулел рагъазулъ бихьизабураб бах1арчилъиялъухъ.1200-ялдаса ц1ик1к1арав дагъистанияс рухI кьуна шагьар эркен гьабиялъе г1оло. Рук1ана нилъер ракьцоял сверун ккураб шагьаралда жанирги, ракъи-къеэчги, квачги, цогидал къварилъабиги х1ехьон. Гьединаздаса цояйлъун ккола чанго соналъ цее г1умруялдаса ят1алъарай Хасавюрталдаса Изумруд Мусаева.

Г1ажаибаб ва зах1матаб къисматалъул г1адан йик1ана Изумруд Лат1иповна. Гьит1инго эменги хун - бихьана бесдаллъи, х1ехьезе ккана граждан рагъул бихха- хочараб заман. Киг1ан зах1мат бук1аниги, гьелъул рак1 кидаго ц1алаан хъвай-ц1алиялде. Изумрудил пагьму-гьунар бихьун, партиялъул идарабаз гьей йит1ула Мах1ачхъалаялъул медучилищеялде ц1ализе.

И. Мусаевалъул т1олабго хадусеб г1умру хисизабураб лъугьа-бахъин ккана 1930 соналъ. Гьеб соналъ Дагъистаналде яч1арай В. И. Ленинил яц Мария Ильинична Ульянова унтана ва гьелъие хъулухъ ва тилмачлъи гьабизе т1адкъала медучилищеялъул студентка Изумруд Мусаевалда. Г1олилалъул жигар ва пагьму- гьунар бихьарай Ульяновалъул гьариялда рекъон, ДАССРалъул сахлъи ц1униялъул наркоматалъ гьей Москваялде ц1ализе йит1ула.

Москваялдаги гьоркьоб къот1ич1о Изумрудил М. И. Ульяновалъулгун бухьен, гьелъул кумекалдалъун, лъай-хъвай ккана Н. К. Крупскаялъулгун, А. Коллонтайилгун, М. Андрееваялъулгун ва цогидалги машгьурал руччабазулгун. Гьез к1удияб асар гьабуна г1олилалъул рух1ияб дунял цебет1еялъе. Баг1араб дипломалда мединститутги лъуг1изабун, аспирантураялда ц1ализе ч1аян абураб гьариги нахъч1ван, Мусаева яч1ана Дагъистаналде ва т1адельана ракьцоязул сахлъи ц1униялде. Гьей йик1ана т1адег1анаб лъай щварал т1оцересел дагъистаниязул цояйлъун.

Х1алт1ана Изумруд республикаялъул сахлъиц1униялъул наркомасул заместителлъунги.

Гьабуна хъизан. Ленинградалда ц1алулев росгун цадахъ ана гьение. Кват1ич1ого байбихьана рагъ, рос ана фронталде, мехго инелде бач1ана гьев ч1ванилан хабар. Гьебго заманалда фашистазул аскараз сверун ккуна Ленинград. Райздравотделалъул начальникасул заместительлъун х1алт1улей Изумруд, к1вах1тун, х1алт1ана сверун ккурал г1адамазул сахлъи ц1униялда. Амма бажарич1о жиндирго сахлъи ц1унун. 900 сордо-къоялъ халат бахъараб ракъуцаги квачалъги жидерабго гьабич1ого теч1о...

Советиял аскараз Ленинград эркен гьабидал, абухъего, ракьаги т1омги гурони хут1ич1ей, хвалде г1агарлъарай Изумруд ячуна Костельничи шагьаралъул госпиталалде. Гьений сах гьаюн хадуй, жиндирго гьариялда рекъон, Мусаева йит1ула фронталде ва т1амула 21-абилеб армиялъул авлахъалъулаб эвакопунктальул отделалъул начальниклъун. 1943 соналъул августалда гьелъие кьуна **«Баг1араб Ц1ва»** орден, кват1ич1ого гьей мустах1икълъула **«Багьадурлъиялъе г1оло»** медалалъеги.

Ельня шагьаралъе г!оло гьабулеб рагъулъ Мусаева лъукъула. Сахлъун хадуй ц1идасан фронталде уна. Изумруд Мусаевалъе рагъ лъуг1уна Прагаялда г1агарлъухъ. Гьениб бихьизабураб багьадурлъиялъухъ гьелъие кьола **«Прага эркен гьабиялъе г1оло»** медаль. Рук1ана Изумруд Лат1иповнаялъул цогидал шапакъаталги - Ват1анияб рагъул к1иабилеб даражаялъул орден, сверун ккураб Ленинградалда бихьизабураб х1аракаталъухъ, щвана Зах1маталъул Баг1араб Байрахъ орден.

Рагъ лъуг1ун хадуб, Изумруд Мусаева т1адюссана жиндие г1агараблъун лъугьараб Ленинградалде, х1алт1ана маххул нухлул тохтурлъиялъулгун санитарияб хъулухъалъул начальникасул заместительлъун, хадусан бет1ерай тохтурлъун. Мустах1икъаб х1урмат гьабуна Изумрудил ленинградалъулазги - чанго нухалъ гьей йищун йик1ана Ленинград шагьаралъул цо районалъул Советалъул депутатлъун.

Гьединаб бук1ана гьей г1ажаибай г1аданалъул г1ажаибаб къисмат.

*«Насих1ат» газеталдаса (№5 1.02.2013с.) босараб.*

*Дин ва г1умру*

# Щибха кколеб зикру?



Зикру буго Аллагь даимго рак1алда ч1езавиялдалъун гъафлаталдаса ва Аллагь к1оченалдаса рик1к1алъи. Гьединго абуна зикру рак1алъулаб мац1алъ цадахъ Аллагьасул ц1ар такрар гьаби бугилан. Бат1алъи гьеч1о гьеб жибго **«Аллагь»** абураб ц1ар бук1аниги, сифатаздаса цо сифат бук1аниги, Гьесул х1укмабаздаса х1укму бук1аниги, яги гьезде т1орит1ел гьабулеб щибниги жо бук1аниги, яги дуг1а, Аллагьасул русулал, анбияал (аварагзаби), вализаби, яги гьезде г1агарлъарал яги гьезулгун хурхен бугел г1адамазул бицин, гьел рехсей бук1аниги, гьебго зикру ккола. Гьединго цебе рехсарабщиналде рачунел сабаб яги пиша, Къуръан ц1али бук1а, зикру бук1а, шиг1ру бук1а, к1еч1-бакъан бук1а, ваг1за-хабар бук1а, бицен бук1а зикру ккола. Гьеб кинабго бицунев, малъулев, гьелъул фатва кьолев, ваг1за гьабулев, Аллагьасул к1одолъиялъул, т1адег1анлъиялъул, къудраталъул, зоб-ракьалда ругел Гьесул х1икматазул пикру гьабулев, Аллагьас гьабеян абураб гьабулев, теян абураб толев ккола зикру гьабулев чи.

Имаму Раббанияс абуна: **«Зикру абула бокьараб бигьаяб къаг1идаялъ Аллагь рак1алдаса ине гьукъиялда. Аллагьасул кинабниги амру т1убай ва гьабугеян абураб гьабич1ого тейги зикру ккола. Амма Аллагьасул ц1ар, яги Гьесул сифатал рехсеялдалъун бугеб зикруялъ хехго асар гьабула, ва Аллагь вокьизабула ва хехго Аллагь лъаялде щвезавула".**

Ибну Г1ат1аиллагьица **«Мифтах1ул фаллах1алда»** абун буго: **«Зикру буго жинца жиб бугеб бак1алда щибниги толареб ц1а»**. Рокъобе жанибе лъугьиндал гьелъ абула: **«Цох1о дун, цогияб жо дида цадахъ бук1унаро»** -ян. Гьеб буго «Ла илагьа илла ЛЛагь» -алъул маг1наги. Гьениб ц1ул батани, гьелъ гьеб бух1ун ц1аялде сверизабула, гьениб нур батани, нуралда т1адеги нурлъун бук1уна. Зикруялъ чорхолъа инабула кванилъ исраф гьабиялдалъун яги х1арамаб лукъма кванаялдалъун черхалъул т1аде ц1ик1к1араб бут1а.

Аллагь цо гьавиялъ, Гьесие рецц гьабиялъ ва Гьев рехсеялъ лагъзал Т1адег1анав Аллагьасде г1агарлъизарула.

Гьеб ккола лагъасул рек1елъе х1алхьи ва г1одове виччай бач1иналъе, гьесда сверун малаикзаби свериялъе, гьел гьесда аск1ор рещт1иналъе ва гьев рах1маталъулъ т1ерхьиналъе сабалъун. Зикруялъ инсан гъибаталдаса, гьересиялдаса ва цогидаб бат1улабщиналдаса машгъул гьавула. Аллагь рехсолесул гьалмагъ къосунаро ва зикруялъул мажлисалде данделъарал Къиямасеб къоялъ пашмагнлъиларо. Г1одулаго Аллагь рехсей Г1аршалъул гьогьомараб раг1ад щвеялъе сабаб буго. Аллагь рехсолаго Гьесда щибго гьаризе рег1ич1ев чиясе Аллагьас кьола гьараразе кьуралдаса ц1ик1к1ун хирияб. Зикру ккола Алжаналда гъут1би ч1ей, Жужах1алъул ц1аялдаса тархъан гьариялъе сабаб ва Аллагь к1оченалдаса бугеб божел. Гьеб буго дуняллалдаги хабалъги Къиямасеб къоялъ т1аде вахъун хадубги лагъасе нурлъун ва гьесие валилъи щвеялъе г1аламатлъун. Зикру рек1елъ накъищлъун лъугьараб мехалъ гьелъ лагъ т1адег1анал макъамазде вахинавула. Аллагь рехсолесул рак1ги гьелъ х1узуралда бачуна ва гьесул рек1елъе ахират г1агар гьабула, гьесул рек1елъа дунялги рик1к1ад гьабула. Гьелъ рак1 х1адур гьабула хадуб т1аде бач1ине бугелде. Гьединго гьелъ Аллагь лъаялъул, валилъиялъул, тавфикъалъул ва ц1униялъул пихъ базабула. Гьеб бащалъула лагъзал тархъиялда, гъазаваталда, Аллагьасул нухда ч1ван хвеялда, месед-г1арац садакъалде кьеялда. Зикру буго щукруялъул бет1ерлъунги, Алжаналде лъугьинарулеб сабалъунги, гьелъ рек1едаса къасават (бец1лъи) инабула. Зикру буго рак1азе дару, Аллагьасдехун гьудуллъи кквеялъул аслу. Гьелъул г1аксалда гъафлат (Аллагьасул ццин бахъиналъе сабаб) буго Аллагьасдехун тушманлъи гьабиялъе аслу. Зикруялъ балагьал нахъ ч1вала, ниг1матал т1аде ц1ала, Аллагьас ва малаикзабаз дуде свалат бит1и т1ад гьабула. Зикруялъул мажлисал Алжаналъул ахал руго. Зобалазда ругел малаикзабазе Аллагь ч1ух1ула зикру гьабулездалъун. Гьеб ч1ола цогидал г1амалазул бак1алда, гьелъ цогидал лугбал лъик1аб г1амалалъе къуват гьарула ва рах1маталъул къарал каваби рагьула. Гьеб буго божеллъун, хвасарлъилъун ва хвалченлъун. Гьеб буго Аллагьас лагъ рит1ухъ гьавиялъе сабаблъун, лагъасдаги Жужах1алъул ц1аялдаги гьоркьоб бугеб сангарлъун. Зикру буго жинца х1ажат гьеч1еб ва х1арамалдалъун бижараб гьан т1аса инабулеб ц1а. Гьелъ рек1елъ нурал ч1езарула, малаикзабаз гьелда т1ад ч1варав лагъасул мунагьал чури т1алаб гьабула. Муг1рулги рак1алги ч1ух1ула гьев жидеда аск1осан вилълъиналдалъун. Гьеб ккола муъминчиясул т1абиг1ат. Гьелдаса бук1уна кваналел-гьекъолел жалазулалдасаги к1удияб лазат. Аллагь рехсолев чиясул гьумералда ва рек1еда т1ад рет1еллъун рет1ун бук1уна нур ва гвангъи гьаб дунялалда, ахираталдайин абуни гьесул гьумер моц1алдасаги ц1акъ гвангъун бук1уна ва гьев т1адег1анал даражабазде вахинавула.

*Х1асан Афандил «Талхисул Маг1ариф» т1ехьалдаса босараб, гьум.177-186*

*(Хадусеб бук1ине буго)*

| Индексация страховой пенсии по старости неработающих пенсионеров с 1 января 2019 года в зависимости от ее размера | | |
|---|---|---|
| Размер пенсии на 31 декабря 2018 *рублей* | Размер пенсии на 1 января 2019 *рублей* | Увеличение размера пенсии *рублей* |
| 6 000 | 6 423,0 | 423,0 |
| 7 000 | 7 493,5 | 493,5 |
| 8 000 | 8 564,0 | 564,0 |
| 9 000 | 9 634,5 | 634,5 |
| 10 000 | 10 705,0 | 705,0 |
| 11 000 | 11 775,5 | 775,5 |
| 12 000 | 12 846,0 | 846,0 |
| 13 000 | 13 916,5 | 916,5 |
| 14 414 | 15 430,2 | 1 016,2 |
| 15 000 | 16 057,5 | 1 057,5 |
| 16 000 | 17 128,0 | 1 128,0 |
| 17 000 | 18 198,5 | 1 198,5 |
| 18 000 | 19 269,0 | 1 269,0 |
| 19 000 | 20 339,5 | 1 339,5 |
| 20 000 | 21 410,0 | 1 410,0 |
| 21 000 | 22 480,5 | 1 480,5 |
| 22 000 | 23 551,0 | 1 551,0 |
| 23 000 | 24 621,5 | 1 621,5 |
| 24 000 | 25 692,0 | 1 692,0 |
| 25 000 | 26 762,5 | 1 762,5 |

# Къураб рагIи ккуна

ИчкIа росдал аслияб къватIалъул тIасияб рахъалде лъим бачIунеб букIинчIо. Росдал бетIер АхIмадхан Шебихановасда дица гьелъул хIакъалъулъ бицана. Гьес рагIи кьуна гьелда тIад хIалтIи гьабизе. КватIичIого гьес, тIадеги ахIун, дида абуна: **«Дица цIияб шланг босана ва гьеб ракьулъе ккезабизе Гъозталаялдаса трактор бачIине буго»**,-ян. Авалалъул гIолохъабазул кумекалдалъун, лъим бачIинабиялда тIад гьабулеб хIалтIи хеккого ахиралде щвана ва нижер авалалде лъим чвахана.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун,баркала загьир гьабизе росдал бетIер АхIмадхание,администрациялъул бухгалтер АхIмадрашид Камалдиновасе, гIолохъабазе, хасго, - ГIалибег ГIалибеговасе, МухIамад Гъамуевасе, ХIабиб ва ХIажи МахIмудовазе.

***Мух1амадамин АМИНОВ,***
***ИчкIа росу***

*Т1адежубай*

# Т1аса лъугьа

**«Чапар»** газеталда (№57, 31.12. 2018с.) бахъараб И. Булатхановасул **«Волейбол»** абураб макъалаялда гьоркьор риччан руго, дир г1айибалдалъун, гьенир рехсарал, нилъер волейболистал х1адурарал, М.М. Г1азаевасул спортшколалда тренераллъун х1алт1улел- Шамсудингун Саг1ид Саг1идовазул ва Х1избула Сайпудиновасул ц1арал. Гьел гьалмагъзабазда гьарула т1аса лъугьаян.

***М.-Ш. Г1абдулашимов***

# Объявления

Утерянный аттестат Б № 9469505 об общем среднем образовании, выданный Алмакской средней школой в 2004 году на имя **Нуцалхановой Марьям Магомедкариновны**, считать недействительным.

Утерянный аттестат А № 390752 о среднем общем образовании, выданный Дылымской средней школой № 2 в 1995 году на имя **Абдулхакимова Магомедали Магомедовича,** считать недействительным.

Утерянный государственный сертификат МК-5 №0349538 на материнский капитал, выданный ОПРФ по РД в Советском районе г. Махачкалы 05.02.2013 года на имя **Сайдулаевой Марины Залимхановны,** считать недействительным.

Социалияб рахъалъ г1адамал хьезариялъул Управлениялъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Гуни росулъа Шайхов Муслимида ва т1олабго г1агарлъиялда, вац

**Ирисби**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

1979 соналъ Гуни росдал гьоркьохъеб школа лъуг1арал классцоязгун гьудул – гьалмагъзабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Мух1амадгун Муслим Шайховазда ва т1олабго г1агарлъиялда, - вац

**Ирисби**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

***БетIерав редактор:*** ***Мухтар ГIалиевич Чупалаев*** ***тел: 55-48-94*** ***Жавабияв секретарь:*** ***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*** ***тел: 55-48-95***

***Мухбирзаби:*** ***ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*** ***Фотомухбир:*** ***Насрудин Абужанатов***

***Набор: Меседо ХIайбаева*** ***Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*** ***Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42***

***Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.***

***Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*** ***Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*** ***Индекс: 51354*** ***Заказ №184 Тираж 1430*** ***Багьа - 8 гъур.***

***Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290***

***Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола***